

Kategori : **ELÈV**

Pibliye : 15 OUT 2012 Nimewo : **A-701**

Sijè: SÈVIS SANTE NAN LEKÒL

Paj : 1 nan 1

## **REZIME CHANJMAN YO**

Règleman sa a ranplase Règleman Chanselye *Chancellor's Regulation (CR)* A-101 ki gen dat 29 jen 2009.

### **Chanjman :**

- Nou mete ajou enfòmasyon sou moun pou kontakte

**REZIME**

Depatman Sante ak Ijyèn mantal Vil Nouyòk *New York City Department of Health and Mental Hygiene* (NYCDOHMH) gen responsablite ofri sèvis sante dapre *New York City Charter* ak *New York City Health Code*. Depatman Edikasyon Vil Nouyòk *Department of Education of the City of New York* (NYCDOE) gen responsablite kontwole yo ofri pwogram ak sèvis sante nan lekòl ke Lwa sou Edikasyon Eta Nouyòk *New York State Education Law* ("Ed Law") ak Lwa Sante piblik Eta Nouyòk *New York State Public Health Law* ("PHL"), ak *New York City Health Code* egzije. Règleman sa a dekri pwosedi pou aplike règleman ak lwa sa yo.

**I. KONTÈKS****A. Pwogram Sante nan lekòl**

1. Pwogram Sante nan lekòl sipòte edikasyon ak devlopman elèv.
2. Fason pou ofri elèv envividyèlman sèvis sante se responsablite DOE ansanm ak DOHMH.
3. Biwo Sante nan lekòl *Office of School Health* (OSH) se yon pwogram DOE ansanm ak DOHMH, ki responsab devlopman ak sipèvizyon pwogram, règleman, ak pwosedi onivo sante nan lekòl.

**B. Dosye Sante elèv**

1. Dosye sante elèv bay yon founisè sèvis sante nan lekòl enfòmasyon chak jou regilyèman sou sante elèv, pèmèt komunikasyon ant diferan founisè sèvis sante, epi bay estaf lekòl alèt sou pwoblèm enpòtan sante ki ka afekte aprantisaj ak byennèt yon elèv. Gen nan dosye sante yon elèv :
  - a. Enfòmasyon yo konsève nan *ATS (Automate the Schools)*, sistèm espesifik konpitè ke DOE mentni kote gen dosye vaksinasyon, tès tibèkiloz, tès zye/kapasite pou tandè, sèvis sante, Seksyon plan 504, alèt sante, ak sèvis pou bay asirans swen sante.
  - b. Fòmilè CH 205 - Fòmilè Egzamen sante pou timoun ak adolesan *Child and Adolescent Health Examination Form* (yo te rele l anvan *211S - new admission physical exam*).
  - c. Fòmilè 103S - Dosye medikal nan lekòl *School Medical Record*, dosye sante konplè elèv nan DOHMH, ke founisè sèvis sante konsève nan lekòl la ak revize chak jou.
  - d. Fòmilè 104S - Dosye sante konplè, dosye pwofesè nan salklas DOE ki genyen obsèvasyon, depistaj, ak lòt enfòmasyon espesifik sou sante.
  - e. Dosye otomatize sou sante elèv ("ASHR") nan OSH, kote gen done ATS ak lòt enfòmasyon ke enfimyè lekòl la ak lòt founisè sèvis sante nan lekòl la mete nan dosye a.
  - f. Sètifika vaksinasyon ak lòt dosye ki gen pou wè ak vaksinasyon elèv.
2. Aksè pou jwenn enfòmasyon
  - a. Dosye sante elèv se dokiman konfidansyèl.
  - b. Estaf OSH dwe bay direktè ak lòt estaf apwopriye lekòl la enfòmasyon sou sante yon elèv ki ka afekte patisipasyon l nan aktivite lekòl la oswa ki nesèsè pou l respekte yon seri egzijans espesifik nan domèn sante. L ap bay enfòmasyon yo yon jan pou respekte prensip sou konfidansyalite dosye medikal.

## II. EVALYASYON MEDIKAL

### A. Egzamen fizik

#### 1. Nouvo elèv k ap antre nan lekòl la

- a. Tout elèv k ap antre nan yon lekòl leta pou premye fwa dwe fè yon egzamen medikal konplè ke yon founisè swen sante ki gen lisans (doktè, enfimyè, oswa asistan doktè avèk siyati doktè) sou ennan li antre lekòl la.
  - i. Nouvo elèv ki antre nan prematènèl dwe soumèt yon CH 205 ke founisè medikal li wè a ranpli. Ou dwe voye fòmilè sa a tounen touswit apre enskripsyon elèv. Nouvo elèv Jadendanfan jiska klas 12yèm ane k ap antre nan yon lekòl dwe soumèt tou yon CH 205. Elèv prematènèl ki rete kontinye klas li nan yon lekòl dwe soumèt yon nouvo CH 205 nan jadendanfan.
- b. Yo pa ka ranvwaye yon elèv lakay li poutèt li pa gen yon evalyasyon medikal. Si paran elèv la<sup>1</sup> pa ka prezante dokiman pou pwouve evalyasyon an, yon doktè DOHMH afekte pou kontwole sante nan lekòl ap evalye elèv la dapre Atik 49.05 Kòd sante Vil Nouyòk *New York City Health Code* epi l ap ranpli yon CH 205. L ap avize paran an epi l ap ankouraje l seryezman pou vini lè y ap egzamine pitit li a. Lè paran an absan, DOHMH ka deziyen yon moun pou eskòte timoun lan, oswa direktè a/yon moun li deziyen dwe prezan lè y ap egzamine timoun lan.

#### 2. Egzamen fizik anyèl

Lekòl yo dwe ankouraje elèv al fè evalyasyon medikal detanzantan dapre rekòmandasyon *American Academy of Pediatrics*. Estaf DOHMH pa ofri sèvis sa yo.

##### a. Wotè ak Pwa

Yo dwe mezire ak note wotè ak pwa elèv pandan chak ane lekòl. Pwofesè salklas la oswa pwofesè Edikasyon fizik la dwe fè sa (kòm yon pati nan pwosesis NYC pou evalyasyon FITNESSGRAM) yon fason ki garanti konfidansyalite rezilta epi ki respekte vi prive elèv. Yo dwe note rezilta yo nan dosye sante salklas pwofesè a (Fòmilè 104S) epi anfen pwofesè Edikasyon fizik la oswa moun ke direktè a deziyen an dwe mete l nan aplikasyon sou entènèt NYC FITNESSGRAM la. Nan lekòl kote gen yon enfimyè, yo dwe ekri rezilta yo tou nan dosye OSH (Fòmilè 103S). Y ap itilize rezilta NYC FITNESSGRAM pou tabli yon endis mas kò *body mass index* (BMI) pou chak elèv epi y ap voye rezilta yo ba paran elèv.

##### b. Sante bouch

Nou rekòmande seryezman yon egzamen sante bouch pou tout nouvo elèv k ap antre nan yon lekòl ak pou elèv nan Klas 5yèm, 7yèm, ak 10yèm ane.

#### 3. Sikonstans espesyal

##### a. Evalyasyon Edikasyon espesyal

Kòm yon pati nan evalyasyon inisyal yon elèv, Komite pou Edikasyon espesyal *Committee on Special Education* (CSE) a, avèk konsantman paran, dwe gen yon evalyasyon medikal konplè yo te fè pou elèv la ane anvan an. Lè l apwopriye, yo dwe mete pou fè tou nan evalyasyon medikal la yon tès zye/oswa yon tès kapasite pou tandè.

<sup>1</sup> Mo "paran" an, kèlkeswa lè yo itilize l nan règleman sa a, vle di paran oswa gadyen legal elèv la, oswa tout moun ki jwe wòl paran oswa ki gen gad elèv la, oswa elèv la, si li se yon minè emansipe oswa si li gen laj 18 ane.

- b. Espò lekòl
  - i. Anvan patisipasyon yon elèv nan espò yon lekòl, li dwe prezante dokiman pou pwouve li fè yon egzamen medikal.
  - ii. Yon doktè, enfimyè, oswa asistan doktè dwe egzamine elèv la pou sètifye nan Fòmilè egzamen fizik espesifik DOE pou espò nan lekòl ke pa gen kondisyon sante ki anpeche patisipasyon elèv la sennesòf nan aktivite oswa trening espò dapre règleman Lig atlèt lekòl leta *Public Schools Athletic League* (PSAL). Nou mande yon nouvo evalyasyon chak ane.
  - iii. Si elèv la pa kapab jwenn doktè l pou fè egzamen sa a, yon doktè DOHMH ki afekte pou sante nan lekòl ap egzamine l lekòl la. Paran an dwe ekri nou pou bay konsantman l pou egzamen an. Si paran an pa ka prezante l pou egzamen an, yon moun DOHMH deziyen pou eskòte elèv la, oswa direktè a/moun li deziyen an dwe prezan. Doktè yo dwe dokimante evalyasyon an sou Fòmilè egzamen fizik espesifik DOE pou espò nan lekòl.

## B. Tès zye ak Kapasite pou tande

### 1. Tès zye

- a. Yo dwe egzamine tout nouvo elèv k ap antre nan yon lekòl leta Vil Nouyòk sou 6 mwa depi yo antre. Anplis, yo dwe egzamine tout elèv prematènèl, jadendanfan, ak klas 1ye, 3yèm, ak 5yèm ane. Estaf lekòl ka rekòmande ke lekòl la fè tès zye yon elèv oswa rekòmande paran an al mennen l fè tès zye si yo sispèk timoun lan ka gen pwoblèm zye ki afekte pèfòmans li lekòl.
- b. Fason pou fè tès yo
  - i. Ekip DOHMH ap fè tès zye pou elèv prematènèl, jadendanfan, ak klas 1ye ane. Direktè a responsab garanti ke yo fè tès yo pou elèv tout lòt klas yo ak pou elèv ke DOHMH pa te fè tès.
  - ii. OSH ap ede bay lekòl yo materyèl pou trening ak tès.
  - iii. Direktè a ap garanti ke yo rantrè rezilta tès ke lekòl la te fè (pa sa ke DOHMH fè yo) nan ATS.
- c. Nan lekòl ke yo fè tès depistaj pou zye, yo dwe fè tès sa yo : tès vizyon de lwen ak tès vizyon de prè. Nan tès DOHMH, yo ka fè tou tès *Fusion* (prematènèl, jadendanfan ak klas 1ye ane) ak tès Koulè (nouvo elèv k ap antre nan lekòl la) anplis tès vizyon de prè ak vizyon de lwen.
- d. Avi
  - i. Yo dwe kominike ba paran tout rezilta tès ki rekòmande pou elèv fè lòt vizit ka doktè zye. Si yon elèv bezwen fè yon lòt vizit ka doktè zye, yo dwe bay paran an yon lèt kote yo rekòmande pou elèv la wè yon doktè zye (optometris oswa oftalmològ). Yo dwe bay paran an tou yon Fòmilè E-12S DOHMH pou doktè a ranpli.
  - ii. DOHMH ap bay direktè a non elèv nan prematènèl, jadendanfan, ak klas 1ye ane ki pa te fè tès la.
  - iii. Lè DOHMH fè tès zye, DOHMH ap gen responsablite tout vizit swivi avèk paran yo.

### 2. Tès pou egzamine kapasite pou tande

- a. Yon pwofesè ka rekòmande yon paran fè yon timoun al fè yon tès pou egzamine kapasite l pou tande poutèt li panse ke elèv la gen pwoblèm pou tande ki afekte pèfòmans li lekòl.

### III. EGZIJANS POU VAKSINASYON

- A. Egzijans pou vaksinasyon – Lwa Sante piblik *Public Health Law* (PHL) §2164 Eta Nouyòk egzije tout elèv Eta Nouyòk pran vaksen kont polyo, malmouton, lawoujòl, difteri, tetanòs, koklich, saranpyon, *Haemophilus influenza type* (Hib), epatit B, varisèl, ak Tdap.
1. Konsèvasyon dosye  
Lekòl la dwe antre done vaksinasyon yo nan ATS. Lekòl la dwe konsève tout dosye konplè sou egzijans pou vaksinasyon elèv, tankou sètifika vaksinasyon, demann dispans pou pa pran vaksen, ak desizyon yo pran konsènan demann pou dispans.
  2. Dispozisyon pwovizwa konsènan vaksinasyon pou nouvo elèv k ap antre nan yon lekòl
    - a. Nouvo elèv k ap antre nan yon lekòl ka enskri men yo pa ka ale lekòl san yo pa bay dokiman ki satisfè dispozisyon pwovizwa konsènan vaksinasyon ki tabli nan <http://schools.nyc.gov/Offices/Health/ImmunizationInfo/default.htm>. Lè yon elèv pa satisfè egzijans pou vaksinasyon pou ale lekòl, direktè a/moun li deziyen an dwe enfòme paran ke lekòl la ap ranvwaye pitit yo si l pa prezante dokiman ki pwouve li pran lòt vaksen yo sou 14 jou apre yo avize l. Lekòl la dwe voye yon lèt avètisman ba paran pou enfòme yo konsènan egzijans sa a. Si lekòl la pa resevwa dokiman yo sou 14 jou, direktè a dwe voye ba paran an yon lèt pou avize l ke lekòl la ap ranvwaye timoun lan lakay li. Si lekòl la ranvwaye timoun lan, yo dwe antre nan sistèm lan kòd prezans 17 kòm rezon ki fè timoun lan pa prezan lekòl. Sonje ke si yon elèv k ap transfere nan yon lòt eta oswa nan yon lòt peyi, gen kèk dokiman pou pwouve li pran vaksen, yon direktè ka pèmèt li ale lekòl pandan 30 jou oplis (konte nan 30 jou sa a tou peryòd 14 jou nou te pale pi wo a). Pou lekòl la pa ranvwaye elèv la lakay li, li dwe resevwa sou 30 jou a yon lèt yon founisè medikal ki gen lisans pou konfime sa.
    - b. Dapre Lwa McKinney-Vento, yon lekòl pa ka refize admèt ni pa ka mete deyò yon elèv sanzabri poutèt li pa gen dokiman pou l verifye si elèv la te pran vaksen. Lekòl la dwe ede paran an jwenn dokiman yo. Si yon elèv pa gen dokiman sa yo, lekòl la dwe ede elèv la pran vaksen nesèsè yo. Si elèv la pa satisfè egzijans pou pran vaksen yo, lekòl la ka ranvwaye l dapre pwosedi yo tabli ki ekri pi wo a.
  3. Egzijans pou elèv pran vaksen
    - a. Vaksen espesifik nou egzije  
Egzijans pou elèv jiska laj 18 ane pran vaksen disponib nan : <http://schools.nyc.gov/NR/ronlyres/26D35D93-81EC-4175-ACAC-A06B13120F48/62345/MedReq2009.pdf>
    - b. Elèv dwe pran tout vaksen yo egzije l pran nan yon peryòd lalwa detèmine. Sistèm ATS la ap otomatikman siyale dosye elèv yo admèt pwovizwaman ki p ap fè fòmalitye pou pran tout vaksen yo.
    - c. Egzijans pou elèv pran vaksen ki tabli pi wo a pa aplikab pou elèv ki gen laj 18 ane ak pou pi gran elèv. Men, nou ankouraje elèv sa yo seryezman pou yo pran vaksen dapre rekòmandasyon pou vaksinasyon ke Komite konsiltatif sou pratik vaksinasyon *Advisory Committee on Immunization Practices* (ACIP) tabli.

## 4. Dispans pou pa pran vaksen yo egzije yo

PHL § 2164 Eta Nouyòk ak Kòd sante Vil Nouyòk bay dispans pou elèv pa pran vaksen pou rezon medikal ak relijye nan kondisyon sa yo :

## a. Dispans pou rezon medikal

Paran dwe soumèt yon deklarasyon kote yon doktè oswa yon enfimyè ki gen lisans Eta Nouyòk endike yon rezon medikal ki anpeche elèv la pran vaksen espesifik la (yo). Fonksyonè lekòl la dwe voye demann pou dispans lan ba Direktè sante ISC a, k ap soumèt li ba DOHMH. Yon doktè DOHMH onivo lekòl ap revize demann pou dispans medikal la epi l ap apwouve oswa refize apwouve demann lan. Yo dwe renouvle dispans yo nan kòmansman chak ane lekòl. Yo dwe mete deklarasyon doktè a nan dosye sante lekòl elèv la, epi yo dwe antre dispans lan nan ATS.

## b. Dispans pou rezon relijye

i. Yon paran ka mande yon dispans pou yon elèv pa pran vaksen yo egzije l pran poutèt "kwayans relijye reyèl ak presi" paran an oswa gadyen legal la.

## ii. Pwosedi

Paran an dwe soumèt yon lèt li ekri pèsònèlman pou deklare rezon pou demann lan. Lekòl la ap voye lèt la ba Direktè Sante ISC a, ki limenm, ap voye lèt la ba biwo santral OSH, nan 49-51 Chambers Street, Room 600. OSH ap apwouve oswa refize apwouve demann lan epi l ap enfòmè paran an, direktè lekòl la, ak Direktè Sante ISC a. Y ap pèmèt elèv la ale lekòl jiskaske yo pran desizyon inisyal sa a.

Si yo pa apwouve demann dispans sa a, paran an ka fè aranjman pou yon entèvyou pèsònèlman avèk Direktè Sante ISC a pou mande rekonsidere refi a sou 10 jou lekòl depi l resevwa lèt kote yo refize apwouve demann lan. Nan entèvyou a, paran an ap gen yon opòtinite pou bay plis prèv pou sipòte demann lan. OSH ap pran yon desizyon final dapre tout prèv yo. OSH ap antre tout dispans relijye yo apwouve yo nan ATS epi li ap konsève yon dosye pèmanan pou chak demann. Y ap pèmèt elèv yo rete lekòl pandan peryòd apèl sa a.

## c. Dispans pandan peryòd maladi yo ka prevni avèk vaksinasyon

i. DOHMH gen dwa mande yon lekòl ranwaye yon elèv si elèv la ap mande yon dispans pou l pa pran vaksen swa pou rezon medikal swa pou rezon relijye epi si gen yon lòt elèv nan lekòl la ki gen yon maladi yo ta ka prevni avèk yon vaksen (tankou, saranpyon, lawoujòl, malmouton).

ii. Yo ka ranwaye elèv k ap mande dispans lan nan ka sa a pou yon yon peryòd apeprè twa (3) semenn apre elèv ki gen maladi yo ta ka prevni avèk yon vaksen pa ka kontamine moun ankò.

5. Desizyon pou mande *Commissioner of Education* Eta Nouyòk rekonsidere desizyon an

Yon paran, gadyen legal, oswa tout lòt moun ki se paran yon elèv ke yo pa admèt nan yon lekòl oswa ke yo pa vle vini lekòl la poutèt egzijans pou l pran vaksen oswa ki fè yon demann dispans pou l pa pran vaksen ke yo refize apwouve ka mande *Commissioner of Education* rekonsidere desizyon an dapre dispozisyon Seksyon 310.6-a Lwa sou Edikasyon Eta Nouyòk. Yo p ap pèmèt elèv yo rete lekòl pandan peryòd apèl sa a.

**IV. TÈS POU DETEKTE TIBÈKILOZ**

A. Tout elèv ki antre nan yon lekòl segondè Vil Nouyòk pou premye fwa dwe fè yon Tès Po ki rele *Mantoux Tuberculin* (yo rele l tou PPD) epi yo dwe mete yon dat pou li rezilta tès la ant

48 ak 72 èdtan apre yo fè tès la. Yo ka itilize tou yon tès san yo ki apwouve pou dyagnostike maladi tibèkiloz.

1. Rezilta yon Tès Mantoux pozitif ke yo dokimante oswa rezilta yon Tès apwouve pou detekte tibèkiloz akseptab kèlkeswa dat la dapre jan l tabli nan <http://schools.nyc.gov/Offices/Health/TuberculosisTesting/default.htm>. Yon radyografi pwatrin nòmal avèk yon Tès Mantoux pozitif elèv la te fè anvan akseptab tou kèlkeswa dat la. Yon lekòl aksepté yon dokiman ki pwouve yon tès negatif sèlki yo te fè tès la ennan anvan admisyon elèv la nan lekòl la oswa sou 14 jou lekòl apre admisyon elèv la nan lekòl la. Yo dwe fè tès tibèkiloz pou elèv ki gen yon dosye vaksinasyon BCG kont tibèkiloz.
  2. Yon Tès Mantoux pozitif akseptab si yo te fè l sou kat semenn depi elèv la te pran yon vaksen MMR oswa yon vaksen pou *varicella*. Men, yon tès negatif pa valid klinikman, kidonk, li pa akseptab si yo fè tès la ant 1ye jou ak 28 jou apre yon vaksen MMR oswa yon vaksen kont *varicella*. Yon elèv ka kontinye ale lekòl pandan peryòd kat semenn lan lè yo fè yon Tès Mantoux ki pa akseptab klinikman.
- B. Yo egzije pou elèv ki gen yon Tès Mantoux pozitif fè yon egzamen medikal ak yon radyografi pwatrin sou 14 jou, men yo ka pèmèt li ale lekòl annatandan amwenske founisè medikal ki bay vaksen PPD a oswa k ap li rezilta a pran yon lòt desizyon.
- C. Si yo pa fè tès tibèkiloz la anvan oswa menm jou avèk vaksen MMR la, elèv la dwe tann sis (6) semenn anvan l fè tès tibèkiloz la. Men, yo ka pèmèt elèv la ale lekòl annatandan.
- D. Elèv yo ranwaye lekòl
- Elèv ki pa anrèg lè yo admèt yo ap resevwa yon avi kote yo di y ap ranwaye yo lekòl la si; 1) yo pa gen dokiman ki pwouve yo fè Tès Mantoux a jan l dekri pi wo a oswa sou 14 jou lekòl depi yo resevwa avi a; oswa 2) yo se nouvo elèv ki gen yon reyaksyon pozitif apre Tès Mantoux a, epi yo pa gen yon radyografi pwatrin sou 14 jou lekòl.
- E. Dispans
- Dispans pou rezon medikal ak relijye (al gade Seksyon III.A.4 ak 5 règleman sa a) pou elèv pa oblije pran vaksen aplikab tou pou Tès Tibèkiloz.

## V. MEDIKAMAN AK AKOMODASYON

- A. *Epinephrine* (Epi-Pen)
- Apre 1 % elèv riske gen reyaksyon (vi yo andanje) alèjik a manje (sitou pistach ak nwa) ak koutdan ensèk. Reyaksyon sa yo trete pi byen avèk piki Epinephrine (sou fòm Epi-pen). DOHMH anpile estòk Epi-pen nan sal medikal la pou estaf la ka administre l nan sitiyaasyon ijan. OSH ap deziyen profesè, parapwofesyonèl pou bay yo trening pou travay avèk elèv ki gen gwo alèji, ak lòt estaf pou yo itilize Epi-pen lè yo mande yo. Gade CR A-715.
- B. Lòt Medikaman
1. Yo ka administre medikaman nan lekòl la si l nesèsè pou pèmèt elèv patisipe nan pwogram edikatif li a. Yon founisè swen sante (doktè, enfimyè, oswa asistan doktè avèk siyati doktè a) ki gen lisans pou preskri nan Nouyòk, New Jersey, oswa Connecticut dwe ranpli yon Fòmilè pou administre medikaman *Medication Administration Form* ("MAF"), kote l preskri medikaman an pou yo administre pandan jounen lekòl. Paran ka jwenn Fòm sa a nan lekòl pitit yo a oswa sou sit wèb DOE a. Yo dwe fè tout chanjman nan MAF la alekri epi yon founisè swen sante ki gen lisans dwe siyen l. Ou dwe bay lekòl la yon nouvo MAF nan kòmansman chak ane lekòl.
  2. Ou dwe remèt lekòl la men nan men tout medikaman nan flakon ou achte l nan famasi a. Enfimyè lekòl la oswa direktè a/oswa moun li deziyen an ap kache medikaman an nan yon kabinè oswa yon frijidè ki fèmen akle. Enfimyè a oswa moun lekòl la deziyen an ap konsève yon lis medikaman (ak lòt dokiman jan yo endike l) pou chak elèv ke yo apwouve pou pran medikaman nan lekòl la. Elèv *Junior High School* ak lekòl segondè ka pran medikaman pou kont pa yo lè paran ak doktè apwouve sa sou MAF la.

3. Yon elèv ka bezwen oswa mande tou akomodasyon dapre Seksyon 504 Lwa 1973 pou Reyabilitasyon anplis medikaman li bezwen pran yo. Al gade Règleman CR A-710 pou pwosedi aplikab yo.

## VI. SITIYASYON MEDIKAL IJAN

### A. Enfòmasyon sou moun pou kontakte ka elèv

Yo dwe konsève nan dosye ATS chak elèv enfòmasyon sou moun pou kontakte lè gen yon ka ijant, ak yon kat (yo rele l kat ble *blue card*) kote gen non moun pou kontakte kay elèv nan ka ijant (al gade Kòd Sante Vil Nouyòk § 45.19). Yo dwe ranpli kat ble a lè elèv antre lekòl la, epi yo dwe fè chanjman ladan l chak ane lekòl oswa pi souvan, si l nesèsè.

### B. Premye swen sekou

1. Lè yon elèv blese oswa malad epi li bezwen swen medikal touswit, direktè a dwe chèche jwenn swen medikal nesèsè, epi avize paran an (al gade Kòd Sante Vil Nouyòk § 45.15). Premye swen sekou nan lekòl limite pou konsidere bezwen medikal elèv la pou moman an.
2. Si kondisyon elèv la mande plis swen ijant ke lekòl la ka founi, yo dwe rele 911. Yo dwe avize direktè a ak paran/gadyen legal elèv la ke yo kontakte 911. Si paran an pa la lè anbilans lan rive, direktè a dwe deziyen yon moun pou ale avèk elèv la nan anbilans lan, epi pou moun lan rete jiskaske paran an vini lopital la oswa omwen jis nan fen jounen lekòl la. Si moun sa a dwe kite lopital la anvan paran an rive, li dwe kontakte direktè a epi fè aranjman avèk administrasyon lopital la pou l ka pran swen elèv la.
3. Lè y ap administre premye swen sekou, yo dwe aplike prekosyon inivèsèl ak pratik pou kontwole enfeksyon pou anpeche transmisyon enfeksyon.

### C. Defibrilatè otomatik ekstèn *Automated External Defibrillators* (AEDs)

1. Chak lekòl dwe gen, epi dwe konsève omwen yon AED, epi fè sèten gen pèsònèl ki antrene pou itilize AED a, ak pou fè manèv pou reaktive kè ak poumoun *Cardiopulmonary Resuscitation* (CPR) nan tout lekòl ki gen kourikoulòm ke yo esponsorize oswa apwouve oswa nan tout aktivite oswa evènman ki pa nan kourikoulòm lekòl la. Yo egzije tou pou lekòl yo mete AED a (yo) ansanm avèk manm nan pèsònèl ki antrene pou itilize AED/pou fè CPR adispozisyon elèv nan tout konpetisyon atlèt ke lekòl la esponsorize kèlkeswa kote oswa lè y ap fè yo. AED pa obligatwa pou pifò pwomnad klas.
2. Yo konsidere lokal ak estaf lekòl leta kòm "founisè piblik pou sèvis defibrilatè" epi yo dwe aplike egzijans, restriksyon, ak responsablite jan l defini nan Lwa Sante piblik (PHL) § 3000 (a), (b), ak (c). Direktè a gen responsablite garanti aksè pou jwenn AED ak prezans estaf ki antrene pou itilize l ak pou fè CPR pou tout pwogram ak aktivite lekòl nan lekòl sa a jan lwa sa a egzije l. Estaf OSH la (avèk ajans DOE gen kontra pou jere pwogram AED a) konsève dosye plasman AED, sipèvizè tès peryodik AED yo, epi fè trening regilyèman pou estaf la.
3. Pou w jwenn plis detay sou egzijans AED, al gade nan : <http://www.p12.nysed.gov/sss/schoolhealth/schoolhealthservices/Article19Sections.html>.

### D. Lòd pou pa resisite yon moun *Do Not Resuscitate* ("DNR")

Yon paran ka soumèt yon demann pou DOE respekte yon lòd ki pou sèvi andeyò lopital, ba direktè lekòl yon elèv. Direktè a ap voye demann lan ba OSH pou revize l. OSH ap konsilte avèk Biwo Sèvis legal DOE, pran yon desizyon, epi enfòmè direktè a ak estaf apwopriye.



**VII. ENSTALASYON MEDIKAL NAN LEKÒL****A. Enstalasyon nan lekòl pou estaf k ap bay swen sante****1. Sal medikal**

Pou ankouraje sekirite, respè vi prive, ak konfidansyalite medikal, sal pou swen sante nan lekòl la dwe gen, lè l posib, karakteristik sa yo :

- a. Gwosè sal la dwe apwopriye (anjeneral li dwe mezire omwen 200 pye kare)
- b. Yon evye ki gen tiyo dlo cho ak dlo frèt ki fonksyone
- c. Mi ki fè sal la dwe kòmanse nan planche pou rive nan plafon
- d. Pa dwe gen kote pou moun travèse sal la pou rantre yon bò ak sòti lòt bò
- e. Telefòn
- f. Aksè nan entènèt

Gen lòt karakteristik enpòtan : yon zòn yo deziyen kòm saldatant pou elèv, yon twalèt ki pre saldatant lan pou elèv itilize, tanperati, limyè, ak vantilasyon konvnyab, ak yon plas apwopriye nan lekòl la

**B. Sant sante nan lekòl**

1. Sant sante nan lekòl *School-Based Health Centers* (SBHC) ofri sèvis debaz swen sante pou elèv ke paran ranpli yon pake dokiman pou enskri yo nan sant lan. Dosye medikal SBHC se pwopriyete SBHC antank founisè dapre Atik 28. Depatman Sante Eta Nouyòk *New York State Department of Health* (NYSDOH) dwe apwouve tout SBHC.

**2. Pwosedi pou tabli SBHC yo**

Yo dwe ranpli yon aplikasyon pou tabli yon SBHC nan Eta Nouyòk, epi yo dwe voye l ba *Bureau of Child and Adolescent Health* NYSDOH. OSH dwe bay lekòl la yon akò estanda *Memorandum of Understanding* (MOU). Fonksyonè apwopriye yo dwe siyen Dokiman siplemantè F MOU a, "Enfòmasyon sou lekòl la ak Fòm pou apwobasyon *School Information & Approval Form*", ak pou Lekòl *Empowerment* yo, Dokiman siplemantè F-2 "Fòm Enfòmasyon sou lekòl ak Fòm pou apwobasyon-Lekòl *Empowerment School Information & Approval Form-Empowerment Schools*". Direktè OSH la, fonksyonè Chanselye a deziyen, ak founisè swen sante a mete siyati yo nan kontra a an prezans yon notè pou apwouve MOU a. Anfen, yo dwe mete yon kopi MOU a ki gen tout siyati yo avèk aplikasyon y ap voye ba NYSDOH la. NYSDOH ap fè yon evalyasyon sou plas lokal SBHC a. Pa gen SBHC ki ka kòmanse ofri sèvis nan okenn lekòl san apwobasyon *Bureau of child and Adolescent Health* NYSDOH ak DOE. Yo dwe voye yon kopi aplikasyon yo te ranpli ak apwouve a ke yo te bay DOE a ba : *Manager of School-Based Health Centers, Office of School Health, 49-51 Chambers Street, Room 600, New York, NY 10007.*

**VIII. LÒT PWOJÈ SANTE ONIVO LEKÒL**

Lòt pwojè sante nan lekòl ki ofri sèvis sante oswa aktivite pou fasilite sante ka konplèman Pwogram Sante nan lekòl. Estaf DOE, lòt biwo gouvènman, oswa òganizasyon prive ka kòmanse fè pwopozisyon pou pwojè sa yo. Yo ka mete nan pwojè yo tès espesyal pou detekte maladi, distribisyon enfòmasyon sou sante, bwochi oswa menm kalite materyèl sa yo, oswa done yo akimile ke yo jwenn nan dosye ak kesyonè elèv. Anjeneral li nesèsè pou genyen akò paran fèk bay anvan yo ka bay enfòmasyon espesifik sou yon elèv.

OSH dwe revize pwojè sa yo anvan yo apwouve yo. Si pwojè a gen yon pwojè rechèch, *Division of Assessment and Accountability Proposal Review Committee* DOE a dwe apwouve l. Ou ka jwenn lòt enfòmasyon sou pwosedi sou rechèch nan *Division of Assessment and Accountability, Research and Policy Support, NYC Department of Education, 52 Chambers Street, New York, NY, 10007.*

Nan fen pwojè a, yo dwe soumèt yon evalyasyon pwojè ba pati apwopriye yo.

IX. **KESYON**

Si w gen kesyon konsènan règleman sa a, ou dwe konsidere :

<u>Telefòn:</u> 718-391-8116	<i>Office of School Health</i> N.Y.C. Department of Education 28-11 Queens Plaza North – Room 402 LIC, NY 11101	<u>Voye yon faks :</u> 718-391-8128
---------------------------------	--	--